

Nimewo 9

D E K R È E G Z E K I T I F

DEKLARASYON KATASTWÒF NAN KONTE BRONX, BROOME, CHENANGO, DELAWARE, GREENE, KINGS, MONTGOMERY, NASSAU, NEW YORK, ORANGE, OTSEGO, PUTNAM, QUEENS, RICHMOND, ROCKLAND, SCHENECTADY, SCHOHARIE, SUFFOLK, SULLIVAN, TIOGA, ULSTER, WESTCHESTER, AK KONTE VWAZEN YO

KONSIDERE KE, nan 25 oktòb 2021 ak apresa, gwo lapli pwolonje ta dwe kreye kondisyon danjere nan Eta New York ki poze yon danje iminan pou transpò piblik, sèvis itilite piblik yo, ak sistèm sante ak sekirite piblik nan konte Bronx, Broome, Chenango, Delaware, Greene, Kings, Montgomery, Nassau, New York, Orange, Otsego, Putnam, Queens, Richmond, Rockland, Schenectady, Schoharie, Suffolk, Sullivan, Tioga, Ulster, Westchester, ak konte vwazen yo.

KONSIDERE KE, tanpèt la prevwa pwodui gwo lapli ak gwo van ki lakòz pàn kouran, pyebwa ki tonbe, inondasyon rapid nan kèk lokal, fèmti wout, entèripsyon vwayaj yo, ak dega nan pwopriyete piblik ak prive toupatou atravè zòn ki te afekte yo, ki kontinye poze yon menas pou sante ak sekirite piblik.

KOUNYE A, KIDONK, MWEN, KATHY HOCHUL, Gouvènè Eta New York, avèk otorite Konstitisyon Eta New York ak Seksyon 28 nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la (Executive Law) ban mwen, konstate avèk dokiman sa a gen yon katastwòf pandye kote gouvènman lokal ki touche yo pa kapab entèveni kòmsadwa. An konsekans, mwen, avèk dokiman sa a, ap deklare yon Eta Ijans poutèt Katastwòf ki an vigè nan dat 25 oktòb 2021 nan limit territoryal konte Bronx, Broome, Chenango, Delaware, Greene, Kings, Nassau, New York, Orange, Otsego, Putnam, Queens, Richmond, Rockland, Schenectady, Schoharie, Suffolk, Sullivan, Tioga, Ulster, Westchester, ak konte vwazen yo. Dekrè Egzekitif sa a ap rete an vigè jiska dat 24 novanm 2021; epi

ANPLIS DE SA, konfòmeman ak Seksyon 29 nan Atik 2-B Lwa Egzekitif la, mwen mande egzekisyon Plan Global Eta a pou Jesyon Ijans (State Comprehensive Emergency Management Plan) ak otorize, anvigè apati 25 oktòb 2021, ajans yo nan Eta a jan sa nesesè, ak Kwa Wouj Amerikèn, pou yo pran mezi apwopriye pou pwoteje pwopriyete Eta a epi pou ede gouvènman lokal ak moun ki touche yo nan entèvni kont katastwòf sa a epi nan refè anba li, epi pou ofri lòt èd ki nesesè pou pwoteje sante ak sekirite piblik.

ANSWIT, deklarasyon sa a satisfè kondisyon 49 nan Kòd Règleman Federal yo (Code of Federal Regulations, C.F.R) 390.23(a)(l)(A), ki ofri sekou nan Pati 390 jiska 399 Règleman Federal pou Sekirite nan Konpayi Transpò (Federal Motor Carrier Safety Regulations, FMCSR). Sekou sa yo nan FMCSR nesesè pou kapab garanti ekip yo kapab debleye wout ki pi enpòtan yo epi akselere mouvman ekip k ap remete sèvis kouran yo nan Eta New York.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil
Albany nan 25yèm jou mwa oktòb nan ane
de mil venteyen.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a